



Biwo Sèvis pou Abi Alkòl ak Dwòg (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services)
Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon sou Sante Konpòtmantal

Form with fields: Non Pasyan an, Dat Li Fèt, Nimewo Idantifikasyon Pasyan, Adrès Pasyan

Mwen, oswa reprezantan otorize mwen, mande pou yo ka divilge ak boukante enfòmasyon sou sante konsènan swen ak tretman mwen jan sa endike nan fòm sa a. Mwen rekonèt:

1. Otorizasyon sa a ka gen ladan divilgasyon tout enfòmasyon sou sante mwen, tankou kote li anvigè, nimewo sekirite sosyal federal mwen (pou konparezon dosye sèlman), nenpòt ak tout enfòmasyon ki gen pou wè ak enfòmasyon sou TRETMAN ALKÒL ak DWÒG ak VIH/SIDA. Sizoka enfòmasyon sou sante ki dekri anba la gen ladan nenpòt kalite enfòmasyon sa yo, mwen bay otorizasyon espesyal pou yo divilge enfòmasyon sa yo ba Biwo pou Sèvis pou Abi Alkòl ak Dwòg (OASAS) Eta New York.

Si ou mete inisyal ou sou liy sa a, nou kapab divilge enfòmasyon KI GEN POU WÈ AK VIH-SIDA ba OASAS. Ou pa gen pou mete inisyal ou sou liy sa a.

Si ou mete inisyal ou sou liy sa a, nou kapab divilge Nimewo Sekirite Sosyal ou ba OASAS. Ou pa gen pou mete inisyal ou sou liy sa a.

2. Avèk kèk eksepsyon, depi yo divilge enfòmasyon sou sante mwen, ajans ki resevwa li pa ka re-divilge enfòmasyon sa yo ankò. Si mwen bay otorizasyon pou yo divilge nimewo sekirite sosyal federal mwen, enfòmasyon ki gen pou wè ak VIH/SIDA, enfòmasyon sou tretman mwen pou abi alkòl oswa dwòg, ajans k ap resevwa enfòmasyon yo gen entèdiksyon pou yo re-divilge enfòmasyon sa yo oswa pou yo itilize enfòmasyon ki divilge yo pou nenpòt rezon ki diferan avèk rezon ki endike nan otorizasyon sa a san lòt otorizasyon mwen sof si yo gen pèmisyon pou fè sa anba lwa federal oswa lwa leta. Si mwen viktim pratik diskriminasyon akòz piblikasyon oswa divilgasyon enfòmasyon sou HIV/SIDA mwen, mwen ka kontakte Divizyon Dwa Moun Eta New York (New York State Division of Human Rights) nan nimewo 1-888-392-3644. Ajans sa a gen responsablite pou pwoteje dwa mwen yo.

3. Mwen gen dwa pou anile otorizasyon sa a nenpòt kilè depi mwen voye yon lèt ba pwofesyonèl swen sante ki endike anba la a nan Paragraf 5 lan. Mwen rekonèt mwen ka anile otorizasyon sa a sof nan limit yo deja fè aksyon ki baze sou otorizasyon sa a.

4. Ou siyen otorizasyon sa a sèlman si ou vle. Mwen rekonèt anjeneral tretman mwen, peman mwen, enskripsyon mwen nan yon plan sante, oswa kalifikasyon mwen pou avantaj yo p ap depannde otorizasyon mwen pou divilgasyon sa a. Men, mwen rekonèt yo ka ban mwen refi pou tretman an nan kèk sikonstans si mwen pa siyen konsantman sa a.

Form with numbered questions 5-10 regarding consent, address, and disclosure of information.

Mwen bay tout enfòmasyon yo mande nan fòm sa a, yo te reponn kesyon mwen yo konsènan fòm sa a, epi yo ban mwen yon kopi fòm nan.

SIYATI PASYAN AN OSWA REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON LALWA DAT LA

Deklarasyon/Siyati Temwen: Mwen te temwen egzekisyon otorizasyon sa a epi mwen endike yo te bay pasyan an ak/swa reprezantan otorize pasyan an yon kopi ki siyen.

NON AK TIT ANPLWAYE A SIYATI DAT LA

Enfòmasyon sou tretman pou abi alkòl/dwòg oswa enfòmasyon sekrè sou VIH yo divilge nan fòm sa a fèt pou akonpaye avèk deklarasyon obligatwa yo konsènan entèdiksyon oswa re-divilgasyon.